

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) désain panalungtikan, (2) téhnik panalungtikan, (3) instrumén panalungtikan, jeung (4) data jeung sumber data

#### **3.1 Désain Panalungtikan**


Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. nyaéta pamarekan nu dipaké pikeun nalungtik kondisi objéktif alamiah sarta hasilna nekenkeun kana ma'na. Pamarekan kualitatif dipaké pikeun nyangking pamahaman atawa ma'na nu tangtu tina data nu dianalisis. Ieu ma'na téh ngahasilkeun interaksi langsung antara panalungtik jeung subjék panalungtikan (Sugiyono, 2013, kc. 15).

Saluyu jeung pamarekan panalungtikan, métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun métode déskriptif. Arikuntoro (2006, kc. 239) nyebutkeun yén métode déskriptif nyaéta métode nu digunakeun pikeun ngungkul-an hiji pasualan nu sipatna aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data.

Dina ieu panalungtikan, aya sababaraha hal nu baris dilaksanakeun, nyaéta (1) idéntifikasi masalah, kagiatan mimiti nyaéta nangtukeun masalah nu bakal ditalungtik; (2) ngumpulkeun data, ku cara maca naskah drama Sunda “Tarung”, tuluy nangtukeun data nu mangrupa kalimah pananya ku cara nyutat data nu dicangking dina wangun kartu data; (3) ngolah data, data nu dicangking tuluy diolah dumasar katégorisasi; (4) nyieun kacindekan, nangtukeun hasil panalungtikan sarta méré saran keur panalungtikan satulunya; (5) nyieun laporan, ngalaporkeun hal-hal nu geus dicangking sabada panalungtikan.

Ieu di handap mangrupa désain atawa bagan ngeunaan léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan.

### Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan



### **3.2 Data jeung Sumber Data**

Ngumpulkeun data bisa dilaksanakeun dina sawatara tempat, sumber, atawa cara (Sugiyono, 2013, kc. 193). Anu jadi data dina ieu panaluntikan nyaéta kalimah pananya, sarta sumber datana nyaéta naskah drama Sunda nu judulna “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar.

#### **3.2.1 Idéntitas Naskah Drama “Tarung”**

Naskah drama Sunda “Tarung” ditulis di Tasikmalaya, 14 Désémber dina taun 2017. Dumasar catetan ti pangarang, ieu naskah mangrupa naskah fiksi nu ngagambarkeun konflik agraria dumasar carita enya ayana di sabudeureun kahirupan masarakat. Serikat Petani Indonesia (SPI) ngémbarkeun data (10 Désémber 2017), yén salila taun 2017, aya 117.054 patani nu hak asasina dirempak. Taun 2017 aya 125 kasus konflik agrarian di 53 kabupaten di 12 provinsi. Jadi, dina ieu naskah digambarkeun ngeunaan lumangsungna konflik antara patani jeung pamaréntah. Sanajan fiksi, tapi konflik nu ditepikeun ku pangarang luyu jeung faktta. Dumasar éta hal, réa jalma atawa kelompok nu magelarkeun ieu naskah. Dina taun nu sarua medalna ieu naskah (2017), naskah dikirimkeun ka Teater Sunda Kiwari pikeun jadi naskah drama Festival Drama Basa Sunda (FDDBS) dina taun 2018.

#### **3.2.2 Pangarang**

Nunu Nazarudin Azhar. Nunu mangrupa sesebutanana, ari ngaran aslina Nazarudin Azhar. Nunu lahir di Tasikmalaya, 23 Agustus 1973. Nunu gawé salaku rédaktur di harian Kabar Priangan. Karyana mangrupa tulisan bahasa Indonesia jeung Sunda, nyaéta aya puisi, carpon, ésai, jeung naskah drama. Salah sahiji karyana nu meunang aprésiasi nyaéta buku puisi Sunda nu judulna “Miang”, meunangkeun Hadiyah Sastra Rancagé (2018).

### **3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Kagiatan mimiti anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngumpulkeun data. Téhnik anu digunakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta maké talaah pustaka (studi pustaka). Nurutkeun Nazir (1988, kc. 111) téhnik talaah pustaka mangrupa téhnik ngumpulkeun data ku cara ngayakeun studi panalungtikan tina

buku-buku, literatur-literatur, catetan-catetan, jeung laporan-laporan nu aya patalina jeung masalah panalungtikan sangkan meunangkeun hiji bongbolong.

Léngkah-léngkah téhnik ulikan pustaka ngaliwatan sababaraha tahapan di handap:

- 1) nangtukeun sumber data;
- 2) maca naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar salaku sumber data utama anu dianalisis struktur, wanda, ma’na, tahapan, jeung prinsip kasopanan;
- 3) nyirian bagian-bagian nu kaasup struktur, ma’na pragmatis, tahapan pragmatis, prinsip kasopanan kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar;
- 4) nyatet data kalimah pananya kana katru data digital.

### **3.4 Téhnik Ngolah Data**

Téhnik ngolah data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis unsur langsung. Téhnik analisis unsur langsung dilaksanakeun kusabab sumber data dina ieu panalungtikan dina wangun tinulis, udaganana pikeun ngolah hal-hal anu patali jeung déskripsi kalimah pananya. Téhnik analisis unsur langsung ngaliwatan sababaraha tahapan anu baris ditétélakeun di handap:

- 1) niténan sarta mariksa deui data kalimah pananya nu geus dikumpulkeun tina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar;
- 2) nyusun data sacara alfabetis tur méré nomer kode tina kartu data;
- 3) nangtukeun papasingan kalimah pananya;
- 4) nganalisis kalimah pananya dumasar kana struktur, wanda, ma’na jeung tahapan pragmatis, sarta prinsip kasopanan;
- 5) ngadéskripsikeun kalimah pananya dumasar kana struktur, wanda, ma’na jeung tahapan pragmatis, sarta prinsip kasopanan;
- 6) nafsirkeun jeung nyindekkeun perkara struktur, wanda, ma’na jeung tahapan pragmatis, sarta prinsip kasopanan dina kalimah pananya.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta fasilitas nu dipaké ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data anu luyu jeung masalah nu ditalungtik, sangkan leuwih ngagampangkeun prosés panalungtikan kalayan hasil nu lengkep tur sistematis (Arikunto, 2013, kc. 203).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital, sangkan leuwih gampang diolah sacara lengkep, taliti jeung sistematis pikeun nganalisis struktur, ma'na jeung tahapan pragmatis, sarta prinsip kasopanan kalimah pananya dina naskah drama Sunda “Tarung” karangan Nunu Nazarudin Azhar.

**Tabél 3.1**  
*Struktur Kalimah Pananya*

No.	Analisis Kalimah	Pola Kalimah	Kode Data (TRG/1/2)

**Keterangan:**

- 1) TRG: Judul Naskah
- 2) 1: Kaca dina Naskah
- 3) 2: Nomer Paguneman dina Naskah

**Tabél 3.2**  
*Wanda Kalimah Pananya*

No.	Wanda Kalimah Pananya	Kode Data (TRG/1/2)

**Keterangan:**

- 1) TRG: Judul Naskah
- 2) 1: Kaca dina Naskah
- 3) 2: Nomer Paguneman dina Naskah

**Tabél 3.3**  
Ma’na Pragmatik Kalimah Pananya

No.	Ma’na Pragmatik Kalimah Pananya	Kode Data (TRG/1/2)

**Keterangan:**

- 1) TRG: Judul Naskah
- 2) 1: Kaca dina Naskah
- 3) 2: Nomer Paguneman dina Naskah

**Tabél 3.4**  
Tahapan Pragmatik Kalimah Pananya

No.	Tahapan Pragmatik Kalimah Pananya	Kode Data (TRG/1/2)

**Keterangan:**

- 1) TRG: Judul Naskah
- 2) 1: Kaca dina Naskah
- 3) 2: Nomer Paguneman dina Naskah

**Tabél 3.5**  
Prinsip Kasopanan Kalimah Pananya

No.	Prinsip Kasopanan Kalimah Pananya	Kode Data (TRG/1/2)

**Keterangan:**

- 1) TRG: Judul Naskah

- 2) 1: Kaca dina Naskah
- 3) 2: Nomer Paguneman dina Naskah